



Pou Piblikasyon Imedya: 1/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN KÒMANSMAN MWA SANSIBILIZASYON SOU ADOPSYON AN, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 4.7 MILYON DOLA POU SÈVIS KI GEN RAPÒ AK ADOPSYON

Anons finansman an kowenside ak Mwa Sansibilizasyon sou Adopsyon an; evènman ki gen ladan Darryl "DMC" McDaniel ak Direktè Operasyon Eta Kathryn Garcia

Nouvo kanpay rezo sosyal #BeTheChangeNY la pral ranfòse sansibilizasyon sou sèvis adopsyon yo pou sipòte timoun ak fanmi yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 4.7 milyon dola nan finansman federal pou sipòte yon bann sèvis ki gen rapò ak adopsyon ke Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) nan Eta a administre. Anons finansman an te vini nan kòmansman Mwa Sansibilizasyon sou Adopsyon an ak yon evènman ki te genyen Direktè Operasyon Eta a Kathryn Garcia ak manm fondatè gwoup hip hop lejandè Run-DMC, Darryl "DMC" McDaniels - yo te adopte tou de kòm timoun epi kounye a se gwo defansè pou adopsyon ak timoun nan fanmi dakèy.

"Pa gen okenn egzajerasyon sou enpak pozitif ak wòl enpòtan ke yon fanmi emab ak solidè ka genyen sou lavi yon timoun", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Istwa Kathryn ak Darryl yo se sèlman de sou plizyè milye ki montre travay etonan ki fèt nan tout Eta New York pou ede timoun k ap chèche adopsyon. Finansman sa a, ansanm ak envestisman kontinyèl nou yo, pral ede ini plis timoun avèk fanmi ki estab, ki emab yo ak yon kote yo ka rele lakay yo yon fwa pou tout".

"Tout timoun gen dwa ak yon anviwònman kay ki estab epi an sekirite. Kòm yon ansyen manm Kongrè a, mwen te goumen pou dwa timoun ak fanmi atravè New York ak nasyon an, epi mwen kontinye fè sa kòm Gouvènè Adjwen", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare, ki te patisipe nan evènman an nan Albany Capital Center jodi a**. "Mwen fyè dèske m fè pati yon administrasyon k ap envesti nan pwogram ki pwoteje timoun ki nan fanmi dakèy, ogmante adopsyon ak gad legal, epi bay fòmasyon, sipò ak sèvis enpòtan pou timoun ak fanmi yo pandan y ap antre nan pakou adopsyon yo".

Otòn sa a, Eta New York te resevwa yon sibvansyon ankourajman federal pou adopsyon ak gad legal ki se 4.7 milyon dola. OCFS pral sèvi ak finansman sa a pou

rekrute kay adoptif, pou fòmasyon oswa konferans pou amelyore travay ka adopsyon, ak yon pakèt sèvis byennèt timoun ki gen rapò ak adopsyon ki gen ladan, men se pa sa sèlman:

- [Heart Gallery New York](#), yon kolaborasyon ak Heart Gallery NYC, ki te etabli senk galri ki gen imaj 57 timoun nan fanmi dakèy k ap tann kay pèmanan. Galri yo se pou sansibilize timoun New York k ap tann yo, angaje kominote a nan byennèt yo epi garanti yo kay pèmanan.
- **Albòm Adopsyon**, yon sèvis ki bay yon lis timoun ki libere pou adopsyon ke yo ka chèche selon sèks, laj, ak gwoup frè ak sè. Albòm nan bay non ak enfòmasyon kontak distri lokal la pou aprann plis sou pwosesis adopsyon an.
- **Wendy's Wonderful Kids**, yon pwogram ki bay sipò nan depatman sèvis sosyal lokal yo pou rekrute fanmi adoptif yo. Sipò sa a gen ladan ede depatman sa yo anboche espesyalis adopsyon ki devwe pou jwenn fanmi pèmanan pou timoun ki nan fanmi dakèy ki pi souvan neglije.

Finansman an baze sou envestisman 5 milyon dola Eta New York pou 16 Sant Resous Pèmanans Rejyonal. Sant sa yo bay sèvis anvan ak apre adopsyon epi sipò pou timoun ak fanmi nan tout eta a.

Direktè Operasyon Eta New York la, Kathryn Garcia, te deklare, "Prèske 700 timoun ki nan fanmi dakèy toujou ap tann aktivman yon fanmi adoptif. Lè mwen panse sou pwòp istwa adopsyon mwen an, li klè ke tout moun bezwen yon fanmi pou tout tan pou nourri yo ak sipòte yo. Jwenn kay pou tout tan kòmanse avèk edikasyon sou adopsyon ak bay resous pou asire fanmi ki anbrase adopsyon yo gen zouti pou rete ansanm epi pou yo gen siksè".

Evènman an te selebre tou plizyè milye paran adoptif nan tout eta a ki te reponn apèl la epi ki te pran yon angajman pou tout lavi pou renmen ak anbrase timoun ki nan swen adoptif. Nan Eta New York, yo te adopte 7,500 timoun nan swen adoptif depi 2017.

Pou ogmante sansibilizasyon pou Mwa Sansibilizasyon sou Adopsyon an, Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an ap lanse kanpay #BeTheChangeNY (se pou w se chanjman an). Efò sa a vize ankouraje Nouyòkè yo edike tèt yo sou adopsyon epi konsidere ouvri kay yo pou timoun ki ap tann kay pèmanan.

Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York la, Sheila J. Poole, te deklare, "Mwen onore dèske Direktè Operasyon Eta New York la, Kathryn Garcia, ak mizisyen ikonik Darryl McDaniels te pataje eksperyans adopsyon yo. Istwa enspirasyon yo sèvi kòm yon rapèl ke tout timoun merite yon kay kote yo ka renmen yo, onore yo ak apresye yo. Pandan n ap rekonèt Mwa Sansibilizasyon sou Adopsyon an, li enpòtan pou nou sonje ke chak jou yon moun ka chwazi pou chanje lavi yon timoun".

McDaniels, yon natif natal New York, te aprann nan lè l te gen 35 ane ke yo te mete l nan fanmi dakèy epi te adopte li nan pita. Li te fonde Felix Organization ki san bi likratif, ki bay opòtinite edikatif ak anrichisman pou timoun ki nan fanmi dakèy, epi li te resevwa Prim Kongrè Angels in Adoption pou efò kontinyèl li.

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Pwogram adopsyon ak gad legal yo founi yon resepsyon san danje epi pèmanan pou plizyè milye timoun chak ane. Investisman federal sa a pral non sèlman amelyore pwosesis administratif ki asosye ak adopsyon yo, men tou li pral bay resous pou pi byen prepare yon pi gwo kantite fanmi pou akeyi timoun ki adopte yo. Li pral fè yon diferans pou plizyè milye timoun k ap tann pou yo mete yo kay nouvo fanmi yo pou tout tan".

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Adopsyon yo ede plizyè milye fanmi New York vin konplè, epi finansman anplis Gouvènè Hochul pou sèvis ki gen rapò ak adopsyon yo nesèsè epi yo apresye yo anpil. Li apwopriye ke finansman federal sa a ap fèt kounye a, pandan Mwa Sansibilizasyon sou Adopsyon an. Koresponn kay adoptif ak timoun ki bezwen adopte yo kontinye se yon defi, epi kèk nan fon yo prale nan rekritman fanmi adoptif yo ak pou kreye plis opòtinite pou fanmi ki emab yo. Tout timoun merite pou yo leve yo nan yon fwaye ki emab ak bay sipò. Li enpòtan anpil pou byennèt yo ak pou kwasans sosyete nou an. Mwen kontinye rekonesan pou moun k ap fè travay enpòtan sa a epi defann fonksyonalite ki nesèsè yo - anvan, pandan, ak apre pwosesis adopsyon an".

Fondatè Felix Organization lan, Darryl McDaniels, te deklare, "Mwen te gen chans yo te adopte m. Li te pèmèt mwen rive kote mwen te sipoze ale epi vin moun mwen te sipoze vin ye. Se responsablite tout moun pou defann, pwoteje ak respekte bezwen tout timoun ki nan fanmi dakèy pou yo ka pwospere epi reyalize rèv yo kèlkeswa sityasyon yo".

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York la sèvi piblik New York la nan ankouraje sekirite, pèmanans ak byennèt timoun, fanmi ak kominote nou yo. Ajans lan bay yon sistèm sipò pou fanmi, jistis jivenil, devlopman jèn, gadri ak sèvis byennèt timoun epi li responsab pou pwogram ak sèvis ki enplike fanmi dakèy, adopsyon ak asistans pou adopsyon, sèvis pwoteksyon timoun, sèvis prevansyon pou timoun ak fanmi, sèvis pou adolesan ki ansent ak pwogram pwoteksyon pou adilt vilnerab yo. Pou plis enfòmasyon sou fason pou ede oswa vin yon paran adoptif, rele 1-800-345-KIDS.

###